



Pou Piblikasyon Imedya: 06/05/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE LAPOLIS ETA A BAY PLIS PASE 14,000  
KONTRAVANSYON NAN KAD MEZI SEVÈ YO PRAN YO NAN  
ZÒN TRAVAY ELAJI AN**

***Yo te elaji "Operasyon Frennen pou Travay" la pou ajoute ladan Thruway Eta New York ak Zòn Travay DOT yo nan tout eta a***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse yon bay plis pase 14,000 kontravansyon pandan "Operasyon Frennen pou Travay (Operation Work Brake)", yon kanpay ki fèt chak ane nan yon tèt ansanm ant Lapolis Eta a ak Otorite Thruway Eta New York la (New York State Thruway Authority) pou sansibilize sou danje konduit enpridan nan zòn travay yo nan kòmansman sezon konstriksyon sou otowout yo. Yo te elaji efò aplikasyon lalwa yo ane sa a, ki te fèt ant 22 Avril ak Avril 26, pou ajoute zòn travay Depatman Transpò (Department of Transportation, DOT) Eta New York la yo toupatou nan eta a.

"Aprè pèt youn nan travayè DOT nou yo pi bonè ane sa a, nou pral kontinye redouble efò nou yo pou edike otomobilis yo sou sekirite nan zòn travay yo ak enpòtans li pou pwoteje travayè yo, chofè yo ak pasaje yo", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Mesaj nou an klè—moun sa yo k ap konpwomèt sekirite lòt moun sou otowout nou yo ap rann kont de aksyon yo, epi Lapolis Eta a pral kontinye fè patwouy enèjik nan ak bò zòn travay nou yo pou ede anpeche pou yon trajedi konsa rive ankò."

**Sipè-entandan Pwovizwa Lapolis La Keith M. Corlett te deklare,** "Otowout yo ak zòn travay yo se anviwònman ki difisil ak trèt pou travay ladan yo, epi nou tout gen responsablite jwe wòl nou pou fè yo ofri plis sekirite pou moun sa yo k ap travay ladan yo ak toupre yo. Polisye Eta yo ap kreye zòn travay ki gen mwens danje nan fè efò nan tèt ansanm avèk kolaboratè nou yo nan Otorite Thruway ak DOT. Sepandan, nou bezwen pou otomobilis yo fè pati pa yo a nan ralanti, kenbe je yo sou wout la, kite pase epi kenbe yon bon distans lè yo wè yon ekip ijans oswa mentnans bò yon wout. Nou gen zewo tolerans pou eksè vitès ak konduit distrè nan zòn sa yo epi nou pral kontinye bay moun sa yo ki vyole lalwa kontravansyon".

**Direktè Egzekitif Otorite Thruway Ian Matthew J. Driscoll te deklare,** "Sekirite nan zòn travay yo gen yon enpòtans kapital pou piblik k ap deplase a epi pou gason ak fanm k ap travay yo sou otowout nou yo. 'Operasyon Frennen pou Travay' la ane sa a te reyisi an pati gras a angajman ak devouman Lapolis Eta New York la nan sekirite chak jou. Nou bay kolaborasyon nou an avèk Lapolis Eta a enpòtans pou garanti ekip yo ak premye entèvenan k ap travay yo bò wout nou yo kapab rantre lakay yo al jwenn fanmi yo chak swa".

**Chèf Pèsonèl Depatman Transpò Eta New York la, Todd Westhuis, te deklare,** "Travayè Otowout yo ak entèvenan nan ka ijans yo mete lavi yo an danje chak jou pou kenbe wout nou yo san danje epi youn nan pi gran difikilte yo se otomobilis ki pa deplase pou ba yo plas. Mwen remèsye kolaboratè nou yo nan Lapolis Eta New York la ak nan Otorite Thruway Eta a dèske yo atire atansyon sou yon pwoblèm sekirite grav ki esansyèl pou tout moun k ap deplase sou otowout nou yo. Tanpri ralanti epi rete vijilan nan zòn travay yo pou nou tout kapab rantre lakay nou nan fen jounen an".

Dapre Administrasyon Otowout Federal la (Federal Highway Administration), te gen plis pase 799 aksidan mòtèl ki te rive nan zòn travay toupatou nan peyi a an 2017. Santrannde nan aksidan mòtèl sa yo te gen travayè kòm viktim, epi twa nan aksidan mòtèl sa yo te rive nan zòn travay New York yo. Nan mwa Mas ane sa a, yon traktè-remòk te frape epi touye yon travayè Depatman Transpò Eta New York la nan yon zòn travay sou Route 17 nan Konte Tioga.

Pi ba a w ap jwenn detay kategori ki nan tèt yo pou kontravansyon yo bay nan tout eta a:

Mete w akote	411
Eksè Vitès	5,225
Eksè Vitès nan Zòn Travay	683
Kondi Distrè	579

Twoup T te bay plis pase 2,673 kontravansyon ototal sou Thruway Eta New York la pandan kanpay ane sa a, yon ogmantasyon plis pase 300 pa rapò a 2018.

###

Lèt nouvèl disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)